



**MANYÈL
VOLONTÈ
DISTRI LEKÒL ELAJI VIL
NEWBURGH (NEWBURGH
ENLARGED CITY SCHOOL
DISTRICT, NECSD)**

2025 - 26

Dènye mizajou: Septanm 2025

Chè volontè,

Nou trè kontan dèske ou deside patisipe kòm volontè nan Distri Lekòl Elaji Vil Newburgh. Yon paran, granparan, vwazen oswa manm kominote a ka gen ide, talan ak tan pou pataje ak elèv nou yo ak lekòl nou yo. Nou kwè ke pwogram ki ede volontè yo angaje yo nan lekòl nou yo se yon avantaj pou tout moun. Pwogram sa yo ede devlope relasyon pi solid ant lekòl ak kominote a, paske yo kreye yon sans de responsabilite pataje nan siksè distri a ak lekòl yo. Yo montre tou enpòtans sèvis kominotè bay tout moun ki patisipe nan pwogram nan, espesyalman elèv yo. Tanpri li manyèl sa ak anpil atansyon. Li fèt pou bay ou anpil nan enfòmasyon ou bezwen pou eksperyans ou kòm volontè nan distri a ka pwodiktif ak satisfè. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri adrese yo bay direktè lekòl la. Mèsi paske ou ap bay tan ou pou sa a ki se yon angajman ki gen anpil valè.

Sensèman,

Direktè a



WÒL YON VOLONTÈ

Volontè nan salklas la ka ede pwofesè yo nan plizyè fason, sa ki pèmèt pwofesè a konsantre plis sou pwosesis ansèyman/aprantisaj la.

AVAN OU KÒMANSE

Kòm volontè, w ap rankontre ak direktè lekòl la oswa reprezantan li, epi w ap pran randevou pou vizite ak pwofesè a anvan ou kòmanse travay kòm volontè. Premye oswa dezyèm vizit la dwe pase nan obsève salklas la, aprann konnen elèv yo, kilti a, anbyans lan ak woutin pwofesè a. Sa ap ede timoun yo abitye avèk ou anvan ou kòmanse travay kòm volontè.

Se pwofesè a ki responsab tout aktivite ki fèt nan salklas la, epi ou pral swiv enstriksyon li yo. Aktivite volontè yo dwe sipòte efò pèsònèl lekòl la, men yo pa dwe ranplase yo ni depase otorite yo.

Kenbe bon kominikasyon ak pèsònèl lekòl la, sitou si ou pral absan oswa si ou gen yon chanjman nan orè w. Si ou pa kapab respekte angajman ou pou nenpòt peryòd tan, tanpri kontakte lekòl la oswa pwofesè salklas la pi vit ke posib pou lòt aranjman ka fèt.

Ou dwe swiv pwosedi lekòl la ak distri a konsènan siyen lè ou antre oswa soti, mete badj, itilize materyèl lekòl la, respekte règleman sante ak sekirite, konnen sa pou fè nan ka ijans tankou dife oswa maladi, epi kenbe enfòmasyon konfidansyèl.

Si ou gen kesyon, ou ta dwe chèche konsèy sou travay ak kesyon ki gen rapò ak lekòl la nan men moun ki responsab dirèkteman, tankou direktè lekòl la, pwofesè yo, asistan ansèyman yo, sekretè yo, edikatè sipò oswa lòt anplwaye lekòl ki resevwa fòmasyon ak ki gen responsablite pou sa. Kenbe yon lespri patenarya ak kolaborasyon ak pèsònèl lekòl la.

DISIPLIN

Se sèlman pwofesè a nan salklas la ak direktè lekòl la ki responsab disiplin elèv yo. Ou pa gen dwa pini elèv yo nan okenn fason. Si elèv yo konpòte yo mal devan ou, ou ta dwe rapòte sa imedyatman bay pwofesè salklas la oswa lòt moun ki apwopriye (tankou direktè oswa direktè adjwen). Sonje tou ke distri a atann li a sa pou elèv yo trete volontè yo ak menm nivo respè yo bay lòt anplwaye lekòl yo. Si ou santi elèv yo pa ap montre ou respè, pa ezite pale sou sa ak pwofesè a oswa administratè ki nan bilding lan.



POLITIK SOUPLÈ FIZIK AK ENTÈVANSYON IJANS

Konsèy Edikasyon an entèdi itilizasyon souplè fizik kont nenpòt elèv pa okenn pwofesè, administratè, ofisyèl, anplwaye, oswa ajan distri a.

Nan politik sa a, “souplè fizik” vle di nenpòt aksyon kote fòs fizik aplike sou yon elèv pou pini elèv sa a, sòf si gen dispozisyon otreman nan paragaf ki vin apre yo.

Nan kontèks politik sa a, “ijans” vle di yon sitiyasyon kote yon entèvansyon imedya ki enplike itilizasyon fòs fizik rezonab nesèsè pou youn nan rezon sa yo:

1. Pou pwoteje tèt ou kont blesi fizik;
2. Pou pwoteje yon lòt elèv, pwofesè, oswa nenpòt lòt moun kont blesi fizik;
3. Pou pwoteje pwopriyete lekòl la oswa lòt moun; oswa
4. Pou mete restriksyon oswa retire yon elèv ki konpòtman li ap entèfere ak egzèsis regilye ak egzekisyon fonksyon, otorite, ak devwa lekòl la, si elèv la te refize obeyi demann pou li sispann kontinye ak zak dezòd li yo.

Entèvansyon ijans yo dwe itilize sèlman nan sitiyasyon kote lòt metòd ak pwosedi ki pa enplike fòs fizik pa kapab aplike rezonabman. Entèvansyon ijans pa dwe itilize kòm pinisyon ni kòm ranplasman pou entèvansyon konpòtman sistematik ki fèt pou chanje, ranplase, modifiye, oswa elimine yon konpòtman espesifik.

SA YO ESPERE DE OU – SA LEKÒL LA ATANN DE OU

Ponktyalite

Antouzyas

Konfyabilite

Pasyans

Lwayote

Sans imè

Delikates

Diskresyon

Sansiblite

Renmen timoun

Fleksebilite

Imajinasyon ak kreyativite

Inisyativ

FASON POU EDE PWOFESE A

- ☐ Ede ak aktivite ki pa ansèyman ke pwofesè a planifye
- ☐ Li enstriksyon pwofesè a prepare pou elèv yo
- ☐ Li istwa pwofesè a chwazi
- ☐ Tcheke si travay endividyèl la fini
- ☐ Prepare elèv yo pou chanjman nan aktivite chak jou
- ☐ Pran kont kantite elèv ki pran manje midi
- ☐ Fè fonksyone ekipman odyo-vizyèl
- ☐ Ede timoun yo konprann epi swiv enstriksyon
- ☐ Koute timoun yo li
- ☐ Pataje yon pasyon, talan, oswa eksperyans
- ☐ Ale nan ekskursyon
- ☐ Ede ak fèt lekòl ak jou espesyal
- ☐ Ede ak rasanbleman lekòl yo
- ☐ Ede kenbe materyèl klas la an òd
- ☐ Ede ak envantè ak kenbe dosye pou kòmande materyèl
- ☐ Ranmase papyè pou pwofesè a evalye
- ☐ Ede ak dekorasyon oswa afichaj atravè lekòl la



GID POU REYISI NAN VOLONTARYA

Pou ede lekòl la avèk efikasite, yo mande tout volontè yo pou yo sonje bagay sa yo:

- Gen enterè pèsònèl pou ede ak travay ansanm ak pwofesè, pèsònèl, ak elèv yo.
- Vle aprann plis sou fason pou ankouraje kwasans ak devlopman timoun yo.
- Patisipe nan fòmasyon ki ofri pou volontè yo.
- Vle ak kapab swiv enstriksyon pwofesè ak pèsònèl lekòl la.
- Fè efò pou adapte ou ak fleksib lè w ap travay ak timoun.
- Gen yon atitid kolaboratè ak pèsònèl lekòl la.
- Sèvi ak imajinasyon, kreyativite ak optimis.
- Toujou konstan epi fyab.
- Kenbe tout enfòmasyon sou elèv ak sa ki gen rapò ak yo totalman konfidansyèl.
- Gen sans imè.
- Fè pasyans epi gen konpreyansyon.
- Aksepte chak timoun jan li ye.
- Kite disiplin nan men pwofesè ak administrasyon an.
- Swiv tout règ, politik ak regilasyon lekòl la ak distri a.
- Pa bliye siyen lè w antre ak lè w sòti chak fwa ou vizite lekòl la.
- Sèvi ak imè, menm sou tèt ou.
- Sipòte elèv yo pandan yap fini travay yo.
- Asire konfidansyalite.
- Kite pwofesè oswa administrasyon kontakte paran elèv la si gen bezwen pale sou pèfòmans elèv la.
- Pataje enkyetid sou disiplin ak pwofesè oswa administratè a.
- Kontakte pwofesè a oswa lekòl la si ou pral absan, anreta, oswa ou pa kapab respekte angajman ou.
- Pran prekosyon ak alèji manje oswa kado pou elèv yo. Pale ak administrasyon an oswa pwofesè a.



KONFIDANSYALITE

Kòm yon volontè lekòl, ou dwe kenbe konfidansyalite sou nenpòt enfòmasyon ou aprann pandan w ap travay nan lekòl la. Tout sa ou wè ak tande nan lekòl sou timoun yo ak fanmi yo dwe konsidere kòm enfòmasyon prive ak konfidansyèl. Konfyans dwe etabli epi konsève pou pwogram volontè a ka reyisi. Ou ka ranfòse relasyon ki genyen ant ou menm ak lekòl la si ou swiv règ sa yo:

- Trete tout enfòmasyon sou elèv yo (si se pa non, sitiyasyon, oswa deskripsyon) kòm enfòmasyon pèsònèl ak konfidansyèl, kèlkeswa sous la.
- Trete tout enfòmasyon sou anplwaye lekòl la kòm konfidansyèl, kèlkeswa sous la.
- Kominike nenpòt enfòmasyon enpòtan sou elèv yo bay pwofesè ki gen salklas la oswa yon administratè lekòl.
- Chèche klarifikasyon ak direktè lekòl la oswa lòt administratè si gen sitiyasyon etranj ki parèt pandan ou ap fè volontarya.
- Kenbe objektivite sou sa ou tande oswa obsève. Rapòte nenpòt aksyon oswa ensidan ki sanble sispèk bay pwofesè a oswa administratè lekòl la.
- Konprann ke tout enfòmasyon pa kapab (ni pa dwe) pataje avèk ou poutèt rezon legal.
- Trete elèv yo san patipri, kèlkeswa orijin, nivo entelijans, oswa matirite fizik/oswa emosyonèl yo.
- Pa diskite sou pwogrè oswa konpòtman yon elèv ak paran oswa responsab li. Ou dwe transmèt tout enfòmasyon ki gen enpòtans bay pwofesè a oswa administratè lekòl la. Adrese tout kesyon ou genyen sou elèv yo bay pèsònèl pwofesyonèl lekòl la.
- Pale pozitif sou tout elèv ak anplwaye lekòl, epi rapòte nenpòt enkyetid sou byennèt yo bay administrasyon lekòl la.

Tanpri asire tout enfòmasyon sou elèv yo rete konfidansyèl — menm devan fanmi w. Enfòmasyon konfidansyèl gen ladan yo, men pa limite a:

- nenpòt enfòmasyon sou yon elèv
- dosye akademik ak sante
- rezilta egzamen ak nòt
- disiplin ak konpòtman nan salklas
- karakteristik pèsonalite timoun yo
- prezans

Tout volontè oblije siyen yon deklarasyon konfidansyèlite.



APLIKASYON POU VOLONTÈ

Distri Lekòl Elaji Vil Newburgh

NON:

DAT NESANS:

/ /

NON DE FANMI

PRÈNON

DEZYÈM NON

JJ

MM

AAAA

ADRÈS:

LARI

VIL

ETA

KÒD POSTAL

TELEFÒN:

LAKAY

TRAVAY

SELILÈ

KONTAK IJANS:

NON

TELEFÒN

Ekri non dènye oswa aktyèl anplwayè ou anba a (Si sa pa aplike, kite vid).

DAT, MWA, AK ANE	NON AK ADRES ANPLWAYÈ	POZISYON
Soti: Jiska:		

Referans

Tanpri bay de referans ki pa fanmi w e ki konnen ou pèsònèlman

NON	RELASYON	TELEFÒN	ADRÈS IMÈL	DEPI KILÈ OU KONNEN MOUN SA A?
1				
2				

Èske ou te janm kondane pou yon krim grav: (Gen ladan yo Chèk Fo, ak kondanasyon pou Kondwi pandan w sou enfluyans (Driving While Intoxicated, DWI) ak Kondwi anba enfluyans (Driving Under the Influence, DUI) _____ WI _____ NON

Si wi, tanpri bay enfòmasyon sou chak kondanasyon, tankou: dat, rezon, kijan ka a te fini, kote sa te fèt, ak nenpòt lòt detay ki enpòtan.

Ladrès espesyal, fòmasyon, oswa domèn enterè ou ta renmen pataje kòm volontè. (ka enkli plezi pèsònèl, lòt lang, konesans edikatif)

Jou/èdtan ou disponib pou travay volontè:

Siyati mwen otorize distri a pou kontakte nenpòt oswa tout referans mwen te bay, si sa nesèsè.

Siyati _____ Dat _____

***** PA EKRI ANBA LINIY SA – POU ITILIZASYON LEKÒL SELMAN. VOYE BAY HUMAN CAPITAL PARTNERS LÈ FÒM NAN FINI *****

Summary of reference checks

Name: _____

Date of Contact: _____

Name: _____

Date of Contact: _____

☐ Recommended ☐ Not Recommended Reason: _____

Signed: _____

Dated: _____

Manyèl Volontè NECSD 2025–2026



DEKLARASYON KONFIDANSYÈLITE / AVI AK AKÒ

Distri Lekòl Elaji Vil Newburgh

Distri Lekòl Elaji Vil Newburgh rekonèt kontribisyon enpòtan volontè yo pote nan anviwònman edikatif ak sosyal lekòl yo, epi nan eksperyans edikatif elèv yo. Sepandan, volontè yo dwe konnen dwa sou vi prive ke lalwa ak règleman garanti pou elèv yo, epi yo dwe dakò pou respekte dwa sa yo jan lalwa ak règleman egzije. Kidonk, chak moun ki ap fè volontarya nan lekòl distri a dwe dakò ak sa ki annapre:

Pou respekte dwa sou vi prive elèv yo, ou pa dwe divilge oswa diskite okenn enfòmasyon sou yon elèv oswa plizyè elèv ak okenn lòt moun, menm manm fanmi ou. Sa a enkli men pa limite a:

- pwogrè yon elèv lekòl (nòt wo, nòt ba, nan yon matyè oswa menm nan yon egzamen);
- patisipasyon yon elèv nan nenpòt ensidan nan lekòl oswa pandan yon aktivite lekòl (tankou disiplin, aksidan);
- estati yon elèv kòm yon elèv ki gen andikap;
- sante oswa lòt pwoblèm pèsònèl elèv la, tankou si li pran medikaman oswa bezwen tretman;
- adaptasyon oswa ajisteman pou egzamen elèv la resevwa;
- nenpòt dokiman, dosye oswa ekriti ki gen rapò ak yon elèv oswa plizyè elèv.

Mwen gen plis pase 18 an epi mwen li enfòmasyon ki anlè a. Mwen konprann kondisyon ki site yo epi mwen dakò pou mwen respekte yo. Mwen konprann enpòtans kondisyon sa yo e mwen konnen si mwen pa respekte yo, distri a ka deside pa itilize sèvis mwen kòm volontè.

Siyati Volontè a

Dat

Siyati Temwen an

Dat

Distri Lekòl Elaji Vil Newburgh pa pratike diskriminasyon sou okenn baz tankou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, sitiyasyon sitwayèn, laj, sitiyasyon maryaj, sitiyasyon patenarya, andikap, karakteristik jenetik, oryantasyon seksyèl, sèks oswa jan, estati militè, estati ansyen sòlda, estati viktim vyolans domestik, oswa afilyasyon politik. Distri a pa diskrimine elèv sou baz pwa, idantite jan, ekspresyon jan, pratik relijye, oswa nenpòt lòt baz lalwa Eta New York oswa lalwa federal entèdi, ni nan travay ni nan pwogram ak aktivite li yo. Distri a bay tout òganizasyon kominotè ak pou jèn yo menm nivo aksè. Si ou gen nenpòt kesyon oswa ou vle fè yon demann sou diskriminasyon, tankou arasman, tanpri kontakte: Mesye Michael McLymore nan 124 Grand St., Newburgh, NY 12550, telefòn 845-563-3487, oswa imèl mmclymore@necsd.net



POLITIK KONSÈY EDIKASYON 1601 – VOLONTÈ NAN LEKÒL LA

Konsèy Edikasyon an rekonèt ke itilizasyon volontè ranfòse relasyon ant lekòl ak kominote a atravè patisipasyon pozitif, ede sitwayen ki enterese yo konprann pi byen pwogram lekòl la, epi li ka bay anplwaye distri a plis sipò pou ofri elèv yo opòtinite ki plis pèsonalize ak rich. Konsèy la ankouraje volontè ki soti nan tout kategori sosyal ak tout gwoup laj, ki vle pataje tan, fòmasyon, eksperyans, oswa karakteristik pèsonèl yo pou benefis elèv yo nan distri a.

Volontè yo ka patisipe nan plizyè aspè nan fonksyonman lekòl la, tankou ede nan salklas, li pou elèv yo, oswa fè travay administratif, dapre desizyon Direktè lekòl la.

- 1) Volontè pa dwe itilize pou bay elèv leson endividyèl oswa lòt fòm ansèyman, korije travay elèv yo, oswa bay transpò pou aktivite lekòl ap òganize.
- 2) Pa gen okenn volontè ki dwe gen kontak dirèk ak elèv san sipèvizyon, sòf nan ka ijans.
- 3) Itilizasyon volontè pa dwe konfli ak oswa ranplase okenn anplwaye ki nonmen oswa otorize pa distri a, ni ranplase devwa oswa responsablite travay yo.
- 4) Volontè pa dwe resevwa responsablite pou mete disiplin, men yo ka ede pwofesè a kenbe bon konpòtman elèv yo epi rapòte nenpòt pwoblèm konpòtman bay pwofesè a.
- 5) Volontè pa gen dwa sipèvize yon klas si pwofesè a pa la.
- 6) Volontè pa dwe kontakte paran sou pèfòmans elèv yo.
- 7) Volontè yo dwe kenbe tout enfòmasyon yo aprann sou elèv yo ak sou lekòl la konfidansyèl.
- 8) Volontè yo dwe siyen lè yo antre ak lè yo sòti nan bilding kote yo fè volontarya a, chak fwa yo vini.

Anplwaye lekòl ki responsab pou travay oswa pwojè ki enplike volontè dwe defini ki travay ak ki orè ki apwopriye, epi mete an plas sipèvizyon ak evalyasyon ki apwopriye.

Moun ki ta renmen fè volontarya dwe kontakte Direktè lekòl la oswa yon lòt moun ke Sipèentandan an oswa Direktè lekòl la deziyen, epi yo dwe ranpli yon fòm aplikasyon volontè. Fòm aplikasyon an ap mande aplikan volontè a pou li revele nenpòt kondanasyon kriminel epi bay de referans pèsonèl ki pa fanmi. Direktè lekòl la gen responsablite pou kontakte referans yo pou verifye ke moun nan gen bon karaktè moral anvan aplikasyon an voye bay Sipèentandan an oswa reprezantan li pou revizyon ak apwobasyon. Chak moun ki aplike kòm volontè dwe bay yon pyès idantite ki gen foto. Yo ka egzijè yon verifikasyon dosye kriminel pou aplikan volontè yo. Nenpòt volontè ki te deja kondane pou yon krim dwe sibi yon revizyon epi resevwa apwobasyon Konsèy Edikasyon an.

Volontè ki apwouve yo dwe siyen yon Akò Konfidansyalite ki konfime ke yo pral respekte dwa sou vi prive elèv yo pa pataje oswa diskite okenn enfòmasyon sou elèv ak okenn lòt moun, menm manm fanmi yo.

Distri a dwe kenbe tout enfòmasyon li ranmase pandan pwosesis aplikasyon an pandan menm kantite tan li kenbe enfòmasyon sou anplwaye li yo.

Tout volontè oblije swiv tout politik, règleman ak pwosedi distri a, ansanm ak tout règ lekòl la. Nenpòt manm pèsonèl lekòl la ki sipèvize yon volontè epi ki vin konnen ke volontè a vyole politik, règleman oswa pwosedi distri a oswa règ lekòl la, dwe rapòte vyolasyon an san pèdi tan bay Direktè lekòl la ak/oswa Sipèentandan Lekòl yo, ki va decide si wi ou non moun nan ka kontinye bay sèvis volontè nan distri a.

Nenpòt volontè ki resevwa yon akizasyon abi sou timoun pa dwe bay sèvis volontarya pou distri a pandan y ap mennen ankèt sou akizasyon an.

Chak Direktè lekòl gen responsablite pou kenbe yon lis aktyalize ak konplè tout volontè ki aktif ak apwouve ansanm ak afektasyon yo.

Politik sa a pa aplike pou elèv-pwofesè oswa lòt elèv ki bay sèvis nan distri a atravè pwogram kolèj oswa inivèsite ki fèt an kolaborasyon ak distri a.

Sipèentandan Lekòl yo pral devlope règleman pou mete politik sa a an aplikasyon.



Enfòmasyon ak pwotokòl ki nan dokiman sa a baze tou sou politik Konsèy Edikasyon NECSD ki endike pi ba a. Politik sa yo asire sekirite elèv nou yo, pèsonèl la, ak fanmi yo. Yo bay volontè nou yo plis klarifikasyon pou yo ka gen enpak, byen enfòme, epi pataje yon anviwònman ki an sekirite pandan y ap kolabore ak lekòl nou yo pou garanti siksè elèv yo. Mèsi ankò paske w ap pataje ide ou, kado ou, ak talan ou ak Kominote Goldback la. Nou apresye ou anpil!

1000 – Objektif Relasyon Kominotè

1130 – Relasyon ak Laprès

1221 – Gwoup Paran-Pwofesè

1601 – Volontè nan Lekòl

1800 – Don, Kado, ak Sibvansyon pou Distri a

1900 – Patisipasyon Paran ak Fanmi

9150 – Politik sou Rezo Sosyal ak Kominikasyon Dijital pou Pèsonèl

9620 – Abi sou Timoun nan Kad Edikatif

Ou ka revize tout politik sa yo nan seksyon

Board Docs sou sitwèb ofisyèl Konsèy Edikasyon distri a.

